

**ANN PALE PANYOL  
HABLEMOS ESPAÑOL**

**ANN PALE KREYOL  
HABLEMOS CREOL**

**FEYÈ KREYÒL AYISYEN - PANYOL**

**KÈK ENFÒMASYON KI KAPAB ITIL OU POU CHILI**

**CUADERNILLO CREOL HAITIANO - ESPAÑOL**

**CON INFORMACIÓN PRÁCTICA SOBRE CHILE**

Se moun sa yo ki responsab fe adakte ak tradiksyon feyè sa nan Chili

Los responsables de la presente adaptación y traducción hecha en Chile

Daniela Fuenzalida

Berlin Coimmin

Erick Lundy

Juan Diego Galaz SJ

**NENPÖT MOUN OU NENPÖT ENTITISYON KAPAB REPWODI TI DOKIMAN SA A CUALQUIER PERSONA O INSTITUCIÓN PUEDE UTILIZAR, REPRODUCIR O ADAPTAR EL PRESENTE DOCUMENTO.**

Si ou vle vesyon dijital feyè sa a, ou mèt voye yon e-mail nan adrès sa yo:

Si desea una versión digital de este cuadernillo puede escribir al siguiente correo:

[cuignaciano@uahurtado.cl](mailto:cuignaciano@uahurtado.cl)

[jgalaz@uahurtado.cl](mailto:jgalaz@uahurtado.cl)

[anespino@uahurtado.cl](mailto:anespino@uahurtado.cl)

**[WWW.CUIGNACIANO.UAHURTADO.CL](http://WWW.CUIGNACIANO.UAHURTADO.CL)**

Agradecemos los aportes del Servicio Jesuita Migrante de Santiago

**POU PWONONSYASYON AK FONETIK OU KA VIZITE KANAL YOUTUBE: ANN PALE PANYOL PARA PRONUNCIACIÓN Y FONÉTICA BUSCA EL CANAL YOUTUBE: ANN PANYOL**

# ÍNDICE

YON LÈT BYENVINI	6	VEB	36
ALFABE OUBYEN ABESE PANYOL	11	ENFINITIF	37
DIS KONSEY POU VIV BYEN ANSANB	12	PREZAN	38
POUSALUTASYON AK BYENVINI	14	YON PASE	39
FANMI	16	FITI (PRAL)	40
JOUNAN SEMÈN NAN	17	VEB KI PA REGLE OU DEREGLE	41
RELE AN HAITI	17	VEB REGILYE	42
KESYON / REPONS	18	VEB KI PA REGLE OU DEREGLE	43
POU LWE YON KAY	19	KONESAN AK DEFANS DWA TRAVAYÈ	44
POU ACHTE	21	JOUNEN TRAVAY	45
LIS SA OU ACHTE	22	NIMERO YO KI NAN LIKIDASYONS NAN	45
SANTE	24	FINISMAN MWA A	45
PATI NAN KÒ YON MOUN	26	REPO OUBYEN TAN LIB	47
IJYÈN	27	METE FEN AK YON TRAVAY (FINIKITO)	48
KÒNEN YON MOUN	28	SERVICIO JESUITA A MIGRANTES	49
YON TI KONVESASYON	28		
KONVÈSASYON SOU SANTE	29		
KONVÈSASYON SOU TRAVAY	31		
KONVÈSASYON SOU ALIMAN	33		

## Yon Lèt byenvini / Una Carta de Bienvenida

Zanmi Nou Ayisyen:

Querido amigo haitiano:

Nou pat konnen ou deja, men nou vle di ou Byenvini nan peyi a. Nòmman se pa fasil kite déyé fanmi w, zanmi w vini yon kote nèf, ki gen moun ki pale yon lang diferan, pa pou tèt sa pou nou bliye ke ou se yon pèp vanyan. Nou pral espilike ou, yon ti kras de peyi nou Chili, jis pou ou ka konnen plis e nou pral dekouvri ke se pa nan tout, nou diferan.

Aún no nos conocemos, pero queremos darte la bienvenida a nuestro país. Probablemente no es fácil dejar atrás a la familia, los amigos, para partir hacia un lugar nuevo, con gente y un idioma es diferente. Por eso nunca olvides lo valiente que eres. Te vamos a contar un poco de nuestro país, para que puedas conocernos mejor, y talvez descubras que no todo es tan distinto.


Chili se yon peyi long e li jis, li pozisyone nan fen sidamerik la, nan pozisyon lwés li fwape avek Oseyan Pasifik. Li genyen anpil kilomèt ak rankwen ki rankontre avek yon chen montaj ki rele “cordillera de los andes” se li mem ki separe chili ak Ajantin. “Lang “ofisyèl li se “espanyol” e kob li rele “peso”

Chile es un país largo está al final de Sudamérica, al oeste y limita con el Océano Pacífico. Tiene muchos kilómetros de costa, además rodeado de una cadena de montañas, que se llama Cordillera de los Andes, que divide Chile con Argentina. Su idioma oficial es el español y su moneda es el peso chileno.

Kapital Chili se Santiago, se nan mitan peyi a li ye. Se la ou jwenn plis ayisyen e anplis Santiago gen lot vil ki empòtan tankou Ilike, Valparaíso, Konsepsyon, Temounko, ak lot toujou. Kom nou konnen Chili long anpil. Li gen plizyè klima ak peyizàn, nou kapab jwenn dezè tou nan zòn Atakama ki nan Nò e yon poko vèt nan boske yo, long riviyé nan sid.

La capital de Chile es Santiago y queda en la mitad del país. Ahí encuentran muchos haitianos. También en otras ciudades importantes como Iquique, Valparaíso, Concepción, Temuco y otras. Como sabemos, Chile es muy largo. Tiene distintos climas y paisajes. Podemos encontrar desierto en Atacama al Norte y el verde de los bosques en el sur.

Santiago se gran vil, avek anpil moun, machin, gro kay, yon tijan fè bri, ke anpil imigran de tout peyi vin la pou



Fuente: ©FreeVectorMaps.com

chèche travay ak lot opòtinite. Kòm nou di w li gran, meyé fason pou sikile e pou ou pa pèditan, se nan metro “tren” si pa ta gen tren kote ou ta vle ale a ou ka pran “micro” (bis) toutan ou gen pou ou mande yon moun. Ke yon tikras chilyen selman wap jwen ki pale franse oubyen kreol. Nan santyago livé fe fwèt, e kek fwa li fe lapli, li kòmanse nan mwa me e li dire jiska septanb. Lè pwentan rive nan desamb, janvye e fevriye se ampil soley ak chalé.

Santiago una ciudad grande, con mucha gente, autos y edificios, por lo general un poco ruidosa, la mayoría de los inmigrantes de distintos países llegan acá en búsqueda de trabajo y oportunidades. Como es tan grande la mejor forma para trasladarse en Santiago y no perderse es usando el metro, el que llega a muchos lugares, y, si no hay metro para el lado al cual debes ir, puedes tomar una micro, siempre podrás preguntarle a una o dos personas que puedan ayudarte, eso sí, muy pocos chilenos hablan francés o Kreyòl. En Santiago los inviernos son fríos y un poco lluviosos, el frío comienza a partir del mes de mayo y dura hasta septiembre con la llegada de la primavera, los meses de diciembre, enero y febrero son soleados y calurosos.

Moun chili travay anpli yo yon tijan serye nan travay men yo fasil pou fe zanmi avek ou, si ou vin konnen yo, yap tré solid avek ou si ta nan yon move moman. Menmjan tankou ayiti chili te pase tranbleman de té ak lot seyis. Men nou abitye ak sa e pafwa se pa tro fò espò ki pi popilè se foutbol, nou remmen we jwe chilyen yo genyen, se poutèt sa nou rasanble; zanmi, fanmi pou fè fet. Si w ta remmen kon chili ou gen pou gouste manje nou, ki se bouyon “cazuela” pate “empanada de pino” ak “kompleto” yo.



Kompleto / Completo

La gente en Chile es trabajadora, un poco seria, pero amistosa si llegas a conocerlos, también es solidaria cuando hay que ayudar a los que están pasando por un mal momento. Al igual que Haití, nuestro país ha tenido que soportar temblores y terremotos, es un país sísmico y suele temblar de vez en cuando, pero estamos acostumbrados y por lo general no son tan fuertes. El deporte más popular es el fútbol, nos gusta mucho ver jugar a la selección chilena, animarla y celebrar cuando ganan y por eso nos juntamos a ver los partidos con familia y amigos. Si quieres conocer Chile, tienes que probar la comida, la cazuela, las empanadas de pino y los completos.

**Espera ti enfomasyon sa yo ap sevi w pou ou koumanse konnen l an ka ke ou ta rankontre bon zanmi nan chili**

Espero que esta información te sirva para empezar a conocernos, y ojalá encuentres buenos amigos en Chile.

**Byenvini nan Chili!**

**¡Bienvenidos a Chile!**

# ALFABE OUBYEN ABESE PANYOL

## ALFABETO O ABECEDARIO ESPAÑOL

MINÚSCULA	MAYÚSCULA	LETRA
a	A	(a)
b	B	(be)
c	C	(ce)
d	D	(de)
e	E	(e)
f	F	(efe)
g	G	(ge)
h	H	(hache)
i	I	(i)
j	J	(jota)
k	K	(ka)
l	L	(ele)
m	M	(eme)
n	N	(ene)
ñ	Ñ	(eñe)
o	O	(o)
p	P	(pe)
q	Q	(cu)
r	R	(erre)
s	S	(ese)
t	T	(te)
u	U	(u)
v	V	(uve)
w	W	(uve doble)
x	X	(equis)
y	Y	(ye)
z	Z	(zeta)

# DIS KONSEY POU VIV BYEN ANSANB

## DIEZ CONSEJOS PARA CONVIVIR BIEN

**RESPEKTE TOUT MOUN, POU TOUT MOUN KA REPEKTE W**  
**RESPETAR A TODOS PARA QUE TODOS LO RESPETEN**

KREYOL	ESPAÑOL
Di bonjou, eskize, silvouple ak mesi	Diga buenos días, permiso y gracias.
Ou pa dwe siyen yon papye si w pa li ak si ou pa konpwann li	No debería firmar un papel sin antes de leer y comprender
Pa bwè medikaman san se pa doktè ki otorize w	No tomar medicamentos sin autorización del medico
Pa itilize pwodwi nan bwat san w pa revize dat lap espire	No usar productos en latas sin revisar fecha
Pa achte bagay elektronik nan lari (gen danje nan sa)	No comprar cosas electrónicas en la calle (muy peligroso)
Pa achte medikaman nan laferya (mache) li kapab kòz amplif konplikasyon nan sante nou	No comprar medicamentos en el feria libre, puede causar muchas complicaciones en nuestra salud
Pajete fatra nenpòt kote	No botar basura en cualquier lugar.
Pa tandè mizik oubyen pa pale tró fó lè nou nan bis, nan tren ak lè nou yon kote ki gen anpil lòt moun, sa ka kòz konfli (diskisyon)	No escuchar música, ni hablar fuerte en los micros, metro y lugar públicos. Puede causar conflictos
Toutan revize BIP ou, anvan bis la rive oubyen anvan ou monte, ou kapabl peye kontravansyon ou pinisyon	Siempre revisar su BIP antes llegar o subir al micro. Puede llevarse multas
Si gen problem, mande ed Anbilans (131) / Ponpye (132) / Canabineros /Polis (133)	Si tiene problemas, pida ayuda a Ambulancia (131)/ Bomberos (132)/ Carabineros (133)

KREYOL	ESPAÑOL
Trè danje	Alto riesgo
Sispann danje	Alto peligro
Trè Danjere pou sante	Muy peligroso para la salud

# POU SALUTASYON AK BYENVINI PARA SALUDAR Y DAR LA BIENVENIDA

KREYOL	ESPAÑOL
Bonjou	Buenos días
Bonswa (aprè midi)	Buenas tardes (y de noche)
Kòman ou ye?	¿Cómo estás tú?
Èske ou anfòm?	¿Estás bien?
Mwen byen	Estoy bien
Kòman ou rele?	¿Cómo te llamas?
Mwen rele...	Yo me llamo...
E ou memm?	¿Y tú?
Ki nasyonalite ou?	¿Cuál es tu nacionalidad?
Nan ki peyi (ki kote) ou soti?	¿De qué país saliste (vienes)?
Mwen soti Ayiti.	Yo salgo /vengo de Haití.
Mwen se ayisyen.	Yo soy haitiano
Kòman yo rele vil ou soti a...	¿Cómo se llama tu ciudad?
Ki lang ou pale?	¿Qué lenguas hablas tú?
Mwen pale kreyòl, franse, espanyòl ak anglè.	Yo hablo kreyol, francés, español e inglés.
Ki laj ou?	¿Cuál es tu edad?
Mwen gen 24 ane.	Yo tengo 24 años.
Mwen byen kontan rekonèt ou.	Estoy contento de conocerte.
Mwen sonje fanmi mwen.	Extraño a mi familia.

KREYOL	ESPAÑOL
Wi	Sí
Non	No
Silvoupilè	Por favor
Mèsi anpil	Muchas gracias
Anpil	Mucho / mucha
Ou vle ? (pou ofri dlo, kafe, elatriye)	¿Usted quiere? (para ofrecer agua, café, etc.)
Wi, m vle	Sí, yo quiero
Kisa ou bezwen?	¿Qué necesita?
M ale	Me voy
Ann ale	Nos vamos
Eskize (pase)	Permiso
Eskize (padon)	Disculpe
Mesye	Señor
Madanm	Señora
Madmwazèl	Señorita
Jenn gason	Joven
Timoun	Niño



# FANMI FAMILIA

KREYOL	ESPAÑOL
Fanmi	Familia
Manman	Mamá
Papa	Papá
Pitit fi	Hija
Pitit gason	Hijo
Pitit pitit	Nieto (nieta)
Kouzen (kouzin)	Primo (prima)
Frè	Hermano
Sè	Hermana
Bòfrè	Cuñado
Bèlè	Cuñada
Tonton	Tío
Matant	Tía
Grann	Abuela
Granpapa	Abuelo
Mari	Marido, esposo
Madamm	Mujer, esposa
Mesye	Señor
Mennaj	Novia(fi) polola
Mennaj	Novio (gason) pololo
Fiyèl	Ahijado
Parenn	Padrino
Marenn	Madrina
Zanmi	Amigo (amiga)
Vwazen (vwazin)	Vecino (vecina)

# JOU NAN SEMÈN NAN DIAS DE LA SEMANA

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
Lendi	Lunes	Yè	Ayer
Madi	Martes	Jodi a	Hoy
Mèkredi	Miércoles	Demèn	Mañana
Jedi	Jueves	Si Bondye vle	Si Dios quiere
Vandredi	Viernes	Talè	En poco rato
Samdi	Sábado	Talè a	Hace poco
Dimanch	Domingo	Kounya a	Ahora
		Avan	Antes
		Aprè	Después
		Lót jou	Otros días

# RELE AN HAITI LLAMAR A HAITI

KREYOL	ESPAÑOL
Apèl (kout fi)	Llamada (telefónica)
Rele nan telefòn	Llamar por teléfono
M vle rele (Ayiti)	Quiero llamar para (Haiti)
Konbyen koute chak minwit?	¿Cuánto cuesta por minuto?
Ou gen yon lòt nùmero ?	¿Tienes otro número?
Ki kòd pou Ayiti?	¿Cuál es el código de Haití?
Ekri nùmero ou vle rele a	Escriba el número al que quiere llamar
Pyès moun pa pran apel la	Nadie no contesta la llamada
Ou gen yon lòt nùmero ?	¿Tienes otro número?

## KESYON / REPONS PREGUNTAS / RESPUESTAS

KREYOL	ESPAÑOL
Ki moun?	¿Quién?
Ki kote?	¿Dónde?
Ki sa?	¿Qué?
Pou ki sa?	¿Por qué?
Kilè?	¿Cuándo?
A kilè?	¿A qué hora?
Kòman sa rele?	¿Cuál es el nombre de eso?
Kijan pou m di...?	¿Cómo se dice?
Kisa w vle di?	¿Qué quiso decir?
M pa konprann	No comprendí, "no caché"(chilena)
Pale pi dousman, silvouplè	Por favor, hable más lento

KREYOL	ESPAÑOL
Yon moun	Alguien
Pèsòn moun/pyès moun	Ninguno/nadie
Tout moun	Todo el mundo
Tout	Todo
Anyen	Nada
Gwo	Grande
Piti	Pequeño
Pi gwo	Más grande
Pi piti	Más pequeño
Anpil	Mucho
Ti kras	Poco

KREYOL	ESPAÑOL
Piti piti	De a poco
Tinon jwèt	Sobrenombre
Siyati	Apellido
Pran yon randevou (ak nennpòt moun)	Ponerse de acuerdo/tomar una cita
Pran yon randevou (yon kote, lè yo ekri non w nan yon ajanda)	Pedir hora
Pran yon randevou (kay doktè)	Marcar una consulta (doctor)
Èske ou gen randevou?	¿Tienes eso agendado?
Fè yon ti tann	Espera un poco
Ou kapab ban m yon lòt randevou, si sivouple	Puede agendarme de nuevo, por favor
Kisa mou pral pale / pral diskite ?	¿Dónde podemos encontrar?
Yon reyinyon sou kisa SVP (silvouplè)?	¿Qué cosa hablaríamos / discutiríamos?
	¿Una reunión sobre qué cosa por favor?

## POU LWE YON KAY PARA ARRENDAR UNA CASA

KREYOL	ESPAÑOL
Silvouplè ki kote mwen kapab jwenn (yon kay) pou m lwe?	Por favor, ¿Dónde puedo encontrar (una casa) para arrendar?
M ap chache (yon kay) pou m lwe.	Estoy buscando (una casa) para arrendar.
Konbyen lwaye a koute?	¿Cuánto cuesta el arriendo?
Lwe/ lwaye	Arriendo

KREYOL	ESPAÑOL
Pri lwaye	Precio del arriendo
Ou kapab jwenn nan gran ri (avni)...	Puede encontrar en la calle (avenida)...
Nimewo	Número
Otèl	Hotel
Restoran	Restaurante
Dlo	Agua
Kouran	Energía eléctrica
Gaz	Gas

KREYOL	ESPAÑOL
Kay	Casa
Apatman: Se yon pati nan yon kay kote w ap jwenn tout sa w bezwen. Li kapab genyen 2, 3, 4 chann ak plizyè twalèt epi yon kizin. Men yo chè.	Departamento: Es una parte de una casa que puede tener 2, 3, 4 o más dormitorios, baño y cocina. Son un poco caros.
Pyès	Pieza
Se yon chann ki gen yon ti kizin ak yon ti twalèt ladan l	Es una habitación que tiene cocina y un baño pequeño incorporado
Chann: Yon chann san anyen, kidonk se sèlman chann nan, wap pataje kizin, twalèt ak moun k ap viv nan kay la.	Pieza: Es solamente la habitación. La cocina y el baño se comparten con las personas que viven en la misma casa.
Ti kay piti (nan katye yo rele “campamento” yo). Kontè dlo	Mediagua: Casa o casita ( muchas hacen un campamento )
Kie / Kadna	Llave / Cadena

KREYOL	ESPAÑOL
Kabann	Cama
Zorye	Almohada
Chèz	Silla
Tab de nwit	Velador
Tab	Mesa
Pandri rad	Guardarropa / closet
Tiwa	Gaveta
Matla kabann	Colchón
Sèvyèt	Toalla
Dra	Sábana
Lenn	Cobertor

KREYOL	ESPAÑOL
Kizin	Cocina
Chann pou dòmi	Pieza
Sal	Sala
Sal pou manje	Comedor
Twalèt (chann benyen)	Baño
Twalèt (kote ou chita)	Taza (donde te sientas)
Douch	Ducha
Lakou	Patio / Jardín

## POU ACHTE PARA COMPRAR

KREYOL	ESPAÑOL
Konbyen li koute?	¿Cuánto cuesta? oubyen: ¿Cuál es el precio?
Li twò chè	Está muy caro
Li Pa pou pi piti kòb?	¿No está por menos?
Ou paka retire nan kòb la?	¿Tiene descuento?
Ban m (2), silvoulè	Dame (2), por favor
Mwen bezwen...	Preciso / Yo necesito
M ap chèche yon kay...	Estoy buscando una casa
M ap chèche yon travay	Estoy buscando un empleo
Mwen bezwen yon travay lèswa	Necesito un trabajo de noche

# LISSA OU ACHTE

## LISTA DE COMPRAS

KREYOL	ESPAÑOL
Diri(mak)	Arroz(marca)
Karót	Zanahoria
Pòm de té	Papa
Tomat	Tomate
Leti	Lechuga
Asegal	Acelga
Bètrav	Betarraga
Pwa	Porotos
Zonyon	Cebolla
Piman	Pimentón
Lay	Ajo
Tchili	Aji
Farin	Harina
Te	Té
Kafe	Café
Sik	Azúcar
Pen	Pan
Adousi	Endulzante
Konfti	Mermelada
Pate	Paté
Bè	Manteguilla
Janbon	Jamón
Fomaj	Queso
Konfti	Mortadela
Manba	Manjar

FWI	FRUTAS
KREYOL	ESPAÑOL
Zaboka	Palta
Pòm	Manzana
Doulan	Durazno
Per	Pera
Sitwon	Limón
Zoranj	Naranja
Kiwi	Kiwi
Melón	Sandía
Melón frans	Melón
Siwel	Ciruela
Papay	Papaya

VYAN	CARNES
KREYOL	ESPAÑOL
Mouton	Cordero
Bèt volaj	Aves
Pijwon	Paloma
Poul	Pollo
Cochon	Cerdo
Bèf	Vacuno
Hot dog	Salchicha
Longanis	Longaniza

RAD	ROPA
KREYOL	ESPAÑOL
Chemiz	Camisa
Pantalón	Pantalón
Eslip	Calzoncillo
Soulye	Zapato
Jip	Falda
Jile	Chaleco
Abrigo	Parka
Gan	Guantes
Kepi	Gorro
Mayo	Polera
Chòt	Short
Sandal	Chala
Tenis	Zapatillas
Chosèt	Calcetines
Ba	Medias

ELEKTRODOMESTIK	ELECTRODOMÉSTICOS
KREYOL	ESPAÑOL
Frijidè	Refrigerador
Fou / etouf	Cocina / estufa
Radyo	Radio
Microwave	Microondas
Televizyon	Televisor
Hervidor	Hervidor
Fè	Plancha
Fouchèt	Tenedor
Kiyè	Cuchara
Kouto	Cuchillo
Plat	Platos
Fè cheve swa /mete pè-manant	Alisador de pelo
Machin a lave	Lavadora
Ódinatè	Computador
Emprimant	Impresora
Telefon	Teléfono
Entènèt	Internet
Videoyo jwèt	Video juegos
Revèy	Reloj

# SANTE LA SALUD

KREYOL	ESPAÑOL
Doktè	Doctor / doctora
Enfimyè	Enfermera / enfermero
Lopital	Hospital
Sant de sante	Centro de salud (Consultorio)
Famasi	Farmacia
Analiz	Examen
Remèd	Remedio
Sewòm	Suero
Egzeyat	Dar de alta
Grenn remèd	Remedios en tabletas
M Pa genyen Vaksen	No tengo vacuna
Piki	Inyección
Mwen fè aleji	Soy alérgico
Ansent	Embarazada
Akouche fe pirit	Nacer
Règ	Menstruación
Kapòt	Preservativo (condón)
VIH (SIDA)	VIH (SIDA)
Prèv ansent ou VIH	Prueba de embarazo o de VIH

KREYOL	ESPAÑOL
Doktè	Doctor / doctora
Enfimyè	Enfermera / enfermero
Lopital	Hospital
Sant de sante	Centro de salud (Consultorio)
Famasi	Farmacia

KREYOL	ESPAÑOL
Kò m pa bon	Me siento mal
Mwen malad	Estoy enfermo
Mwen bezwen al lopital	Necesito ir al hospital
Premye swen (Emèjensi)	Primeros auxilios (Emergencia)
Pran randevou kay doktè	Agendar una consulta
(..) fè m mal	Me duele (...)
Tèt fè mal	Dolor de cabeza
Lestomak fè mal vant fé mal	Dolor de estómago Dolor de guata
Do fè mal	Dolor en la espalda
Ren fè mal	Dolor en los riñones
Senti fè mal	Dolor en las caderas o lumbar
(aleji nan po)	Tiña (hongos)
Mwen fè sik (dyabèt)	Soy diabético
Mwen fè tansyon	Tengo la presión alta
Endispoze	Desmayo
Mwen gripe	Estoy agripado / Estoy resfriado
La fyèv	Fiebre

## PATINAN KÒ YON MOUN LAS PARTES DEL CUERPO HUMANO

KREYOL	ESPAÑOL
Tèt	Cabeza
Cheve	Cabello
Po	Piel
Jè (zye)	Ojos
Zòrèy	Oreja
Nen	Nariz
Bouch	Boca
Dan zansiv	Dientes
Figi	Cara
Kou	Cuello
Vant	Barriga (guata)
Tete	Senos
Lestomak	Pecho
Do	Espalda
Zèpol	Hombro
Zo	Hueso
Bra	Brazo
Men	Mano
Dwèt	Dedos
Ren	Riñones
Vajen	Vagina
Peni	Pene
Kwis	Muslo
Jenou	Rodilla
Pye	Pie
San	Sangre

## IJYÈN LA HIGIENE

KREYOL	ESPAÑOL
Savon twalèt	Jabón de baño
Savon lave	Jabón de lavar (ropa)
Klorox	Cloro
Tochon	Paño
Fè pwopte nan kay la	Hacer aseo en casa
Bale	Barrer/ Escoba
Lave/ seche	Lavar / secar
Lave rad	Lavar ropa
Lave veso	Lavar la loza
Bwose dan	Escobilla de dientes
Bwos tèt	Cepillo de cabeza
Pat dantifris	Crema dental
Kotex	Toalla femenina
Jilèt	Gillette
Razwa	Afeitador
Sizo	Tijeras
Pwòp	Limpio (limpia)
Netwaye	Limpiar
Fè bab	Afeitar (hacer la barba)
Koupe cheve	Cortar el cabello
Mete pèmanant nan cheve	Alisado de cabello

## KÒNEN YON MOUN CONOCER A ALGUIEN

YON TI KONVESASYON	UNA PEQUEÑA CONVERSACIÓN
KREYOL	ESPAÑOL
CARIN: Bon jou mesye	CARINA: Buenos días señor
FIDEL: Bon jou madmwazèl, ki jan ou ye?	FIDEL: Buenos días señorita, ¿Cómo está usted?
CARIN: Mwen trè byen mèsi, Ou pale kreyol ?	CARINA: Estoy muy bien gracias, ¿Usted habla creole?
FIDEL: W! yon ti kras, e ou mem?	FIDEL: Sí, un poco y usted?
CARIN : Non mwen pa pale kreyol. Mwen pale Anglè ak Espanyol	CARINA: No, no hablo creole. Hablo inglés y español
FIDEL: Kóman ou rele?	FIDEL: ¿Cómo te llamas?
CARIN: Mwen rele Carin, E ou mem?	CARINA: Me llamo Carina. ¿Y usted?
FIDEL: Non mwen se Fidel	FIDEL: Mi nombre es Fidel
CARIN: Ki kote ou rete /abite?	CARINA: ¿Dónde vive?
FIDEL: Mwen abite las corin, Moun ki kote ou ye?	FIDEL: Vivo en las colinas ¿De dónde eres?
CARIN: Mwen se moun Etazini / mwen se ameriken, E ou mem ?	CARINA: Soy de USA / Soy americana, ¿Y usted?
FIDEL : Mwen se moun ayiti / mwen se ayisyen	FIDEL: Soy de Haití / Soy haitiano
CARIN : Ki sa w fe isit ?	CARINA: Que está haciendo aquí?
FIDEL : Mwen se volontè nan SJM (sèvis jeswit pou imigran yo)	FIDEL: Soy voluntario en SJM (Servicio Jesuita a Inmigrantes)
CARIN: Byen. Kombyen tan sa fe w?	CARINA: Muy bien. Hace cuánto tiempo?

KREYOL	ESPAÑOL
FIDEL: Depi ane pase / sa fe yon ane twa mwa	FIDEL: Desde el año pasado / Hace un año y tres meses
Carin: O, byen ,mwen kontan rekonèt w Fidel na wè yon lòt fwa	CARINA: Qué bueno, es un alegría para mí conocerte Fidel, hasta luego, espero verte otra vez
FIDEL: Ok madmwazèl Carin, na we	FIDEL: Ok señorita Carina. Adiós, nos vemos
CARIN: Ok mèsì ampil ou mem tou	CARINA: Ok. Muchas gracias, igualmente

## KONVÈSASYON SOU SANTE CONVERSACIÓN SOBRE SALUD

KONVÈSASYON # 2	CONVERSACIÓN 2
KREYOL	ESPAÑOL
LILIA: Bonswa mesye	LILIA: Buenas noches señor
PIERRE: Bonswa madam, ki jan ou ye ?	PEDRO: Buenas noches señora, ¿Qué tal?
LILIA : Mwen pa santi m byen	LILIA: No me siento bien
PIERRE: Kisa w genyen ?	PIERRE: ¿Qué tienes?
LILIA: Mwen gen yon doulè nan vant mwen	LILIA: Tengo dolor de guata (barriga)
PIERRE: Konbyen tan ou genyen ak doulè a	PEDRO: ¿Cuánto tiempo tienes con ese dolor?
LILIA: Sa fe prèske yon mwa	LILIA: Hace casi un mes
PIERRE: Ou Pa jann ale lopital?	PEDRO: ¿No ha ido al hospital?
LILIA: Non	LILIA: No
PIERRE: Poukisa ou pa ale ?	PEDRO: ¿Por qué no ha ido?

## KONVÈSASYON SOU TRAVAY CONVERSACIÓN SOBRE TRABAJO

KONVÈSASYON # 2	CONVERSACIÓN 2
KREYOL	ESPAÑOL
LILIA: Mwen Pa gen kob epi mwen poko gen kanè Chilyen	LILIA: No tengo plata y todavía no tengo carnet Chileno
PIERRE: Non. Ou dwe ale gen lopital kap resewva san kanè	PEDRO: No. Debería ir. El consultorio / hospital / centro médico atiende sin carnet
LILIA: Mwen fenk ak viv Chili mwen pa konnen anpil kote	LILIA: Estoy viviendo recién en Chile, no sé andar sola
PIERRE: Mwen vle ede pou ale lopital ?	PEDRO: ¿Quieres que te ayude y te acompañe al hospital?
LILIA: Mwen ta byen kontan, paske douliè a pa kite m dómi	LILIA: Sería un gusto para mí, porque el dolor no me deja dormir
PIERRE : Demen maten bonè map vin chèche w pou m mennen w lopital	PEDRO: Mañana por la mañana vengo a buscarte para que vayamos al hospital
LILIA : A Kilè pou m tann ou?, E kisa pou m Pote?	LILIA: ¿A qué hora lo espero? y ¿qué tengo que llevar?
PIERRE: Map vini a 6 zè e sonje pran paspò w	PEDRO: Vengo a las 6 horas y acuérdate de tu pasaporte
LILIA: Mesi anpil e m ap tann	LILIA: Muchas gracias, te esperaré

KONVÈSASYON # 3	CONVERSACIÓN 3
KREYOL	ESPAÑOL
SONIA: Bonjou Mesye	SONIA: Buenos días señor
PABLO: Bonjou madmwazèl. Kisa ou bezwen?	PABLO : Buenos día Señorita, ¿Qué necesita?
SONIA: Mwen bezwen travay	SONIA: Necesito un empleo / una pega
PABLO: Mwen gen yon plas travay	PABLO : Tengo cupo (espacio) de trabajo
SONIA: Konbyen kòb salè a ye?	SONIA: ¿Cuánto paga de sueldo?
PABLO: Pi piti salè (\$257.000 pesos) e yon bonis (\$50.000 pesos)	PABLO: Sueldo mínimo (\$257.000 pesos) y un bono (\$50.000 pesos)
SONIA: Ou paka peye m yon ti kras plis?	SONIA: ¿No puede pagar un poco más?
PABLO: Non sekonsa m peye tout travayè	PABLO: No, es lo que pago a todos los trabajadores
SONIA: Ki sa w mande pou moun nan genyen Pou w asepte l ?	SONIA: ¿Qué requisitos pide a la persona para aceptarla?
SONIA: Ki jan de papyè pou moun nan genyen ?	SONIA: ¿Qué tipos de papeles necesita tener la persona?
PABLO: Kanè idantite chilyen ak papyè pwosevèbal denye travay	PABLO : Carnet identidad chileno y finiquito de la última empresa
SONIA: Eske wap peye enpozisyon pou mwen apa?	SONIA: ¿Usted se compromete a pagarme las imposiciones?
PABLO: Wi mwen responsab peye tout bagay	PABLO: Sí, me comprometo a pagar todo.



## KONVÈSASYON SOU ALIMAN CONVERSACIÓN SOBRE ALIMENTACIÓN

KONVÈSASYON # 3	CONVERSACIÓN 3
KREYOL	ESPAÑOL
SONIA: Ki lè travay la rantre, ki lè li lage?	SONIA: ¿Cuál es el horario del trabajo?
PABLO: Travay la rantre a 8hrs maten jiska 5 :30 apre midi. Jou samdi apa, (se lè anplis)	PABLO: Entrás a trabajar a las 8 de la mañana hasta las 17 :30 horas. Los días sábado se pagarán aparte (son horas extras)
SONIA: Kombyen kób ou peye pou jou samdi ?	SONIA: ¿Cuánto paga por el día sábado?
PABLO : Samdi wap travay demi jounen, ki egal mem jan yon jounen	PABLO: Los sábados trabajan medio día y se paga igual que día completo
SONIA: Konbyen tan repo m ap genyen nan jounen an?	SONIA: ¿Cuánto tiempo libre en la jornada del trabajo?
PABLO: Wap genyen 30 minwit pou ou repoze	PABLO: Tendrás 30 minutos libres
SONIA: Poz la se inè (1hrs) a inè trant (1hrs -1:30)	SONIA: ¿El tiempo de descanso sería, desde la una (1: 00) hasta una y media (1:30)
PABLO: Wi. Ki dispozisyon ou genyen pou travay?	PABLO: Sí. ¿Qué disponibilidad tienes para trabajar?
SONIA : Map prè pou semen kap vini apati de lendi	SONIA: Tendré disponible por la próxima semana a partir del lunes
PABLO: Byen, pa gen pyès pwoblèm pou semen kap vini	PABLO: Bien, no hay ningún problema para la próxima semana
SONIA: mési ampil, na wè	SONIA: Muchas gracias, nos vemos

KONVÈSASYON # 4	CONVERSACIÓN 4
KREYOL	ESPAÑOL
NATHY: Bonswa mesye	NATHY: Buenas noches señor
MARIO : Bonswa madmwazèl, nan kisa mwen ka ede w?	MARIO: Buenas noches señorita, ¿En qué puedo ayudarla?
NATHY: Ou kapabl pote meni an pou mwen svp?	NATHY: Puedes traerme el menú por favor?
MARIO : Map tou profite pou m di w jodia nou gen anpil espesyal!	MARIO: Aprovecho de decirte que hoy día tenemos varias ofertas
NATHY : Oooh, kisa nou genyen nan espesyal?	NATHY: Oooh, ¿Qué cosas tienes en oferta?
MARIO : Nou genyen bouyon tèt kabrit, nou genyen soup jomou, griyo ak bannan, diri kole ak kribich, diri kole ak pwa, epi pwason gro sèl, epi tou nou gen byè (prestij, toro womm babankou) se tout sa yo ki nan espesyal jodia	MARIO: Tenemos cazuela de cabeza de chivo, cazuela de zapallo, plátano frito, chufan de camarón, arroz con porotos, Pescado (pwason) y también cervezas (prestige, toro, rhum babancou). Todos esos están en oferta por hoy
NATHY: Ok mési, mwen pa bezwen sa yo ki nan espesyal la	NATHY: Ok gracias, pero no deseo los que están en oferta
MARIO : Ebyen, chwazi sa vle wap manje?	MARIO: Bueno ok. ¿Qué desea comer?
NATHY: Map bezwen yon plat salad, diri blan, vyan fri	NATHY: Voy a comer un plato de ensalada con arroz blanco y carne frita
MARIO : Ok. Ou pap bezwen yon bagay pou w bwè madmwazèl?	MARIO: Ok, ¿desea algo para tomar señorita?
NATHY: Wi, ou gen ji natirèl ?	NATHY: Sí, ¿Tienes jugo natural?

KONVÈSASYON # 4	CONVERSACIÓN 4
KREYOL	ESPAÑOL
MARIO: Byensi, nou gen ji natirèl	MARIO: Claro que sí, tenemos jugo natural
NATHY: Ki ji ou genyen?	NATHY: ¿Cuáles son los sabores que tienen?
MARIO: Zoranj, sitwon, grenadya, papay ak lèt ou san lèt, ji karót	MARIO: Naranja, limón, maracuya, papaya con leche y sin leche, zanahoria
NATHY: Ou kapab Pote pou mwen yon vè ji papay san lèt san sik epi yon boutèy dlo SVP	Deseo un vaso de papaya sin leche ni azúcar, y una botella de agua, por favor
MARIO: Ok, sa ap pran yon ti tan	MARIO: Ok, eso demorará un tiempo
NATHY: Pa gen pwoblèm	NATHY: No hay problema
MARIO: Yon bagay anplis madmwazel?	MARIO: ¿Algo más señorita?
NATHY: Non mési, ki kote twalèt la ye?	NATHY: No, gracias ¿Dónde está el baño?
MARIO: Ale tou dwat epi nan vire a	MARIO: Sigue por aquí derecho y dé la vuelta
NATHY: Ok mési, ou kapab pote montan an pou mwen SVP	NATHY: Ok gracias, ¿Podrías traerme la boleta, por favor?
MARIO: O wi. Na wè yon lòt fwa	MARIO: Sí claro. Chao, nos vemos

## VEB

### VERBO

Veb ki endike yon aksyon oubyen mouyman, fòm devouman oubyen santiman. Yo toujou la nan anpil fwaz.

Los verbos expresan una acción o movimiento, un estado de ánimo o un sentimiento. Los verbos están presentes en la mayoría nuestras frases.

Nan espanyol ak nan kreyol veb yo sèvi avek pronon yo, se pronon yo ki endike ki moun ki fè aksyon an. Pronon yo se:

En español y en kreyol los verbos se utilizan con pronombres, que indican a la persona que realiza la acción. Los pronombres son:

KREYOL	ESPAÑOL
Mwen	Yo
Ou	Tú
Li	Él
Li	Ella
Nou	Nosotros
Ou	Vosotros / Ustedes
Yo	Ellos
Yo	Ellas

## ENFINITIF

### INFINITIVO

An espanyol enfnitif se yon fòm próp veb yo (endike moun nan, kom, mwen, ou, ak li) e selman yo fini **-ar-er-ir**.

En español el infinitivo es una forma no personal del verbo (no indica persona, como yo, tú o él) y siempre terminan en **-ar, -er, -ir**.

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
	<b>AR</b>		<b>ER</b>		<b>IR</b>
Renmen	Amar	Manje	Comer	Dòmi	Dormir
Gade	Mirar	Genyen	Tener	Soti	Salir
Palé	Hablar	Fè	Hacer	Viv	Vivir

Nan kreyol veb yo rete ak fòm enfnitif yo. Se osilyè (te, pral, anv ect) yo ki fè w konnen tan veb yo.

En Kreyol, los verbos siempre permanecen en su forma del infinitivo. El tiempo verbal se reconoce por los auxiliares de tiempo.

## PREZAN EL PRESENTE

Ou di tan prezan se lè aksyon an ak fèt nan mem moman wap pale a. Nan espanyol pou ou konjigüe veb, sa pral depan kijan l fni **-ar**, **-er**, **-ir**. Nan kreyol nou di, tan prezan se mem enfnitf la san oken chanjman.

El tiempo presente indica que la acción que expresa el verbo ocurre en la misma época en la que se habla. En español, para conjugar los verbos en presente dependerá si terminan en **-ar**, **-er** o **-ir**. En kreyol, el tiempo presente se indica por medio del infinitivo sin alteración

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
		RENMEN	AMAR	MANJE	COMER	VIV	VIVIR
Mwen	Yo	Renmen	Amo	Manje	Como	Viv	Vivo
Ou	Tú	Renmen	Amas	Manje	Comes	Viv	Vives
Li	Él/Ella	Renmen	Ama	Manje	Come	Viv	Vive
Nou	Nosotros	Renmen	Amamos	Manje	Comemos	Viv	Vivimos
Ou	Ustedes Vosotros	Renmen	Aman	Manje	Comen Coméis	Viv	Viven Vivís
Yo	Ellos Ellas	Renmen	Aman	Manje	Comen	Viv	Viven

## YON PASE EL PASADO (PRETÉRITO INDEFINIDO)

Nou okipe tan pase pou nou pale o esplike yon bagay kite pase. Nan kreyol veb yo pa chanje se oksyè TE selman kap fe komen se tan pase. An espanyòl pou konjigüe l ou chanje fen veb la si se yon veb ki fni, **-ar**, **-er** ou **-ir**.

Usamos este tiempo para hablar de algo que sucedió en el pasado. En español se conjuga modificando la terminación verbal según si los verbos terminan en **-ar**, **-er** o **-ir**.

An kreyòl veb yo pa varye ou rekonèt pase yo se le yo itilize TE ej. Mwen te ekri.

En Kreyol, el verbo no varía, y se reconoce el pasado por el uso del auxiliar TE.

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
		RENMEN	AMAR	MANJE	COMER	VIV	VIVIR
Mwen	Yo	Te renmen	Amaba	Te manje	Cornía	Te viv	Vivía
Ou	Tú	Te renmen	Amabas	Te manje	Cornías	Te viv	Vivías
Li	Él/Ella	Te renmen	Amaba	Te manje	Cornía	Te viv	Vivía
Nou	Nosotros	Te renmen	Amábamos	Te manje	Corníamos	Te viv	Vivíamos
Ou	Ustedes Vosotros	Te renmen	Amaban	Te manje	Cornían	Te viv	Vivían
Yo	Ellos Ellas	Te renmen	Amaban	Te manje	Cornían	Te viv	Vivían

## FITI (PRAL) EL FUTURO

Fiti oubyen fiti pase okipe pou eksplike panse saw sipoze deyon koz, ou de yon bagay kigen pou fèt. Nan espanyol ou selman chanje fen veb la, si se yon veb ki fini **-ar**, **-er** ou **ir**.

El futuro simple o futuro imperfecto se utiliza principalmente para expresar una intención o una suposición acerca lo que sucederá. En español, se modifica la terminación verbal, según si los verbos terminan en **-ar**, **-er**, o **-ir**.

An kreyol veb yo pa chanje nan fiti selman ou mete oksilyè PRAL.

En kreyol, el verbo no varía y el futuro se construye con el auxiliar PRAL.

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
		RENMEN	AMAR	MANJE	COMER	VIV	VIVIR
Mwen	Yo	Pral renmen	Amaré	Pral manje	Comeré	Viv	Viviré
Ou	Tú	Pral renmen	Amarás	Pral manje	Comeréis	Viv	Vivirás
Li	Él/Ella	Pral renmen	Amará	Pral manje	Comeré	Viv	Vivirá
Nou	Nosotros	Pral renmen	Amaremos	Pral manje	Comeremos	Viv	Viviremos
Ou	Ustedes Vosotros	Pral renmen	Amarán Amaréis	Pral manje	Comerán Comeréis	Viv	Vivirán Viviréis
Yo	Ellos Ellas	Pral renmen	Amarán	Pral manje	Comerán	Viv	Vivirán

## VEB KI PA REGLE OU DEREGLE VERBOS IRREGULARES

Nan espanyòl gen kèk veb kipa swiv règl anvan yo. Yo rele **veb (iregle ou deregle)**. Konjizezon yo, depan de yo chak.

En español, existen una serie de verbos que no siguen la regla anterior. Estos son llamados **verbos irregulares** y su conjugación depende de cada verbo.

KREYOL GENYEN			ESPAÑOL TENER				
	Prezan	Pase	Fiti / Pral		Presente	Pasado	Futuro
Mwen	Genyen	Te genyen	Pral genyen	Yo	Tengo	Tuve	Tendré
Ou	Genyen	Te genyen	Pral genyen	Tú	Tienes	Tuviste	Tendrás
Li	Genyen	Te genyen	Pral genyen	Él/Ella	Tiene	Tuvo	Tendrá
Nou	Genyen	Te genyen	Pral genyen	Nosotros	Tenemos	Tuvimos	Tendremos
Ou	Genyen	Te genyen	Pral genyen	Ustedes Vosotros	Tienen	Tuvieron	Tendrán
Yo	Genyen	Te genyen	Pral genyen	Ellos Ellas	Tienen	Tuvieron	Tendrán

## VEB REGILYE VERBOS REGULARES

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
Louvri	Abrir	Rasamble Reyni	Juntar	Kopere	Cooperar	Pratike	Practicar
Remmen	Amar	Voye	Lanzar	Kouri	Correr	Resewwa	Recibir
Mare	Amarrar	Li	Leer	Konfyè	Confar	Vòlè	Robar
Aprann	Aprender	Kòmande	Mandar	Deewa	Deber	Sote	Saltar
Danse	Bailar	Kondi	Manejar	Kolasyon	Desayunar	Monte	Subir
Rale	Gatear	Vole	Volar	Pliye	Doblar	Pè	Temer
Bale	Barrer	Gade	Mirar	Kompran	Entender	Manyèn	Tocar
Bat	Batir	Anbete	Molestar	Ekri	Escribir	Pran	Tomar
Bwé	Beber	Mouye	Mojar	Koute	Escuchar	Travay	Trabajar
Jete	Botar	Naje	Nadar	Etidye	Estudiar	Bitte	Tropezar
Anmède Anniye	Burlar	Bezwen	Necesitar	Anmède Anniye	Burlar	Bezwen	Necesitar
Mache	Caninar	Ôganize	Organizar	Manke	Faltar	Sévi	Usar
Chante	Cantar	Pase	Pasar	Siyen	Firmar	Itilize	Utilizar
Pale	Hablar	Pwomene	Pasear	Fóme	Formar	Voyaje	Viajar
Manje	Comer	Pile	Pisar	Finen	Fumar	Viv	Vivir
Achte	Comprar	Depose	Posar	Frape	Golpear	Vote	Votar

## VEB KI PA REGLE OU DEREGLE VERBOS IRREGULARES

KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL	KREYOL	ESPAÑOL
Vale	Absorber	Tann	Aterder	Trenen	Afligir	Beni	Bendecir
Pire	Comprimir	Adapte	Caber	Kouri	Correr	Resewwa	Recibir
Ladan n	Concluir	Trompe	Confundir	Konfese	Confesar	Konvenk	Convenecer
Konwonpi	Corromper	Korije	Corregir	Bay	Dar	Reveye	Despertar
Di	Decir	Propaje Simaye	Difundir	Chwazi	Elegir	Divize	Dividir
La	Estar	Fikse	Fijar	Retire	Exclair	Eksprime	Expresar
Enprime	Imprimir	Tann	Extender	Fri	Freir	Envesti	Invertir
Fé	Hacer	Mete l	Incluir	Madichonen	Maldecir	Anonse	Incurrir
Tande	Oir	Fwape	Oprimir	Manifeste	Manifestar	Fét	Nacer
Mete	Poner	Fwi	Omitir	Posede	Poseer	Fóse	Presumir
Pouvwa	Poder	Pretann	Pretender	Vle	Querer	Limen	Prender
Ajoute	Recluir	Founi	Proveer	Retrabrike	Reinsertar	Konnen	Saber
Brize Chire	Romper	Sove	Salvar	Demare	Soltar	Antere	Sepultar
Sispann	Suspender	Apiye	Sujetar	Efase	Suprimir	Pote	Traer
Gen	Tener	Ranphase	Sustituir	Vini	Venir	Santi	Sentir
Wé	Ver	Soti	Salir	Fennen	Marchitar	Frabrike	Insertar

## KONESAN AK DEFANS DWA TRAVAYÈ CONOCER Y DEFENDER LOS DERECHOS LABORALES

**DWA... YO PA DWE DISKRIMINEN W  
DERECHO... A NO SER DISCRIMINADO/A**

Lwa chilyen entèdi tout diskriminasyon: pou sèks, ras, relijyon, ni pou pozisyon ekonomik (ransosyal).

**DWA... KI PA DWE VYOLE**

**DERECHO... A NO SER ACOSADO/A**

Tout travayè gen dwa pou yo trete yo avek dinite ak respè nou pa dwè soumèt anba oken abi moral oubyen seksyèl.

**DWA... POU GEN YON TRAVAY AK KOMINIKASYON AK  
DINITE**

**DERECHO A TENER UN TRABAJO Y TRATO DIGNO**

**DWA... POU OU ASIRE KE SEKIRITE ASIRE NAN TRAVAY LA**

**DERECHO A CONDICIONES SEGURAS DE TRABAJO**

**DWA... KE OU ASIRE SE SA KI EKRI NAN KONTRA WAP FÈ**

**DERECHO A SOLO REALIZAR LAS FUNCIONES ESCRITAS  
EN EL CONTRATO**

**DWA... POU OU PATISIPE NAN SENDIKA AK NAN**

**ASOSYASYON YO**

**DERECHO A PARTICIPAR EN UN SINDICATO Y ASOCIACIONES  
DE TRABAJADORES**

Tout travayè gen dwa pou yo rantre nan sendika e pou yo asosyè nan eleksyon.

## JOUNEN TRAVAY JORNADA DE TRABAJO

Jounen travay nòmal yo planifye, li vini de yon dire 45 lè pa semen ki dwe divize nan 6 jou oubyen 5 jou. Nou pa dwe travay 10 lè pa jou, an ka ke se pa lè anplis ke w te planifye atik ki enfòm sa nan kòd travay la se atik 22.

**KISA KI PASE SI W TRAVAY PLUS LÈ?**

**¿QUÉ PASA SI TRABAJO MÁS HORAS?**

Lè ki anplis nan jounen an e ki pat mansyone nan kontra a, travayè a ak patron an sipoze pran yon akdakò, e patron an dwè peye 50% anplis lè nòmal la. "Yon ti ekzamp" si lè nòmal la \$ 1000 pesos lè anplis la dwè \$1500 pesos. Gen kèk ti espasyon pou ou responsablite byen detèmine.

**NIMERO YO KI NAN LIKIDASYONS NAN**

**FINISMAN MWA A**

**NÚMEROS QUE APARECEN EN TU LIQUIDACIÓN**

**A FIN DE MES**

● **SALE / SALARIO**

Nan Chili salè ki pitil(minimòm) a se \$257,500 pesos pa mwa pou tout jou komplèt. Salè likid (sa ki vin nan mem w, pou mete nan pòch ou) se salè yo fin retire tout dèt, sa yo rele kotizasyon ou enpozisyon.

● **KOTIZASYON (enpozisyon) / COTIZACIÓN (imposición)**

Tout travayè etranje ki kotize nan Chili dwè egzijè patron yo konpli ak obligasyon sa yo, responsab touche kòb sa a, se entitisyon sekirite sosyal (AFP, FONASA O ISAPRE, AFC).

## KI KANTITE KI DWÈ RETIRE SOU SALÉ TOTAL OU? ¿QUÉ CANTIDAD PUEDEN RETIRARME DEL SALARIO?

Ki kantite ki dwè retire sou salé total ou?

¿Qué cantidad pueden retirarme del salario?

**10%** → Asirans pou pansyon AFP (Kòb ki sere pou lè ou granmoun ou paka travay ankò).

**7%** → Asirans pou sante FONASA (Asirans Nasyonalde Sante) Oubyen ISAPRE (ensitisyon de sante prewva). Depi yo deye yon pou ou lè wal lopital ou pap depanse anpil kòb, li obligatwa pou yo peye l.

**3%** → AFC (Asirans pou chomaj) Se yon asirans patron an peye pou ou si li revoke oubyen si kite travay pou ou pa pase mizè, pou ka jwen kòb pou ou manje. Se lèw gen kontra pou yon tan byen detèmine (tan... byen defini "plazo fijo") oubyen lè w gen kontra ki pa gen tan pou l fini (endefini)

**1,15%** → Asirans pou pansyon AFP (Kòb ki sere pou lè ou granmoun ou paka travay ankò).

**1,15%** → Asirans pou pansyon AFP (Kòb ki sere pou lè ou granmoun ou paka travay ankò).

**0,95%** → Asirans aksidan travayè ak maladi ou pwan nan travay (Se yon asirans ki ed w anpli sitou lè wap travay ak pwodi chimik, ak tout sa ki pa bon pou sante, asirans sa pèmèt ou vizite dokte pou yo evalye sante w epi jwen medikaman ki pou poteje w kon maladi a, enpòtan si se aksidan nan travay la yap responsab tout depans yo.

## REPO OUBYEN TAN LIB DESCANSO Y TIEMPO LIBRE

### REPO (JODIA) / DESCANSO (DIARIO)

Nan mitan jounen travay la, se dwa travayè genyen pou l manje, pou l repoze, pi piti tan li dwè ye se 30 minwit chak jou, ki padwe konte nan lè travay

### SEMÈN / SEMANA

Dimanch yo ak jou fèt se jou travayè a gen pou l repoze si l travay jou sa yo, li gen dwa pou l mande yon jou semen epi yon rekonpans.

### POTEKSYON MATÈNITE / PROTECCIÓN DE LA MATERNIDAD

Tout fi ki ansent, nenpòt ki kontra li te genyen, li gen dwa REPO. FUERO se yon dwa, fi ansent genyen pou l benefsye poteksyon, e se yon dwa ki fe yo paka revoke l pandan li ansent la, dwa sa se depi sou twa mwa ansen jiska yon ane apre li fe piti, pou ka benefsye sèvis poteksyon sa yo ou gen pou pote sètifika medikal la ki di ou ansent bay mèt travay la oubyen patron.

### PRENATAL (Avan fe fiti)

Prenatal se yon mwa edmi (41 jou).

### POSTNATAL (se apre fin fè piti)

Se 6 mwa oubyen 7 mwa edmi (180 -220 jou) ki konte depi jou piti la fèt.



## METE FEN AK YON TRAVAY (FINIKITO) TÉRMINO DEL CONTRATO DE TRABAJO

### REZON / RAZÓN


Nan mitan jounen travay la, se dwa travayè genyen pou l manje, pou l repoze, pi piti tan li dwe ye se 30 minwit chak jou, ki padwe konte nan lè travay

### FINIKITO / FINIQUITO

Se yon papye ki espilke tout detay pou ki sa w mete fen ak relasyon (travayè a e patron) li dwe ekri e pou l pase devan yon notè piblik.

## TAN OU FE AP TRAVAY (IDANNIZASYON) / INDEMNIZACIÓN POR TIEMPO TRABAJADO

Anka ke se revoke yo revoke w. Lè se fen yo mete ak kontra w pou yon rezon, travayè gen dwa pou yo peye l jou travay yo nan mwa yo revoke l la anplis jou vakans ki korespond yo jan kòd travay la mande a nan atik 160 la.



### PERU

**SJM - TACNA**  
Prolongación Hipódromo Uruanue  
s/n al frente del Terminal  
Internacional de Buses.

Atención de lunes a viernes de  
9:00 a 12:00 y  
de 14:00 a 17:00 horas  
sjm.tacna@gmail.com

**Encuentros Servicio Jesuita de  
la Solidaridad - LIMA**  
Jr. Fulgencio Valdez 780 – Breña  
- Lima 05 – Perú  
Altura de la cuadra 12 de la av.  
Venezuela.

Atención de lunes a viernes de  
9:00 a 18:00 horas  
refugiados1@encuentros-sjs.org

### BOLIVIA

**SJM - EL ALTO**  
Av. Fuerza Aérea #140  
(frente al enmaldado del  
aeropuerto)

Atención de lunes a viernes  
09:00 a 12:30 y de 15:00 a  
18:00 horas  
sjm.bolivia@gmail.com

### BRASIL

**Centro ZANMI**  
Av. Amazonas, 641, 8c.  
Centro-30180-001, Belo  
Horizonte, MG.  
www.centrozamni.org

Atención de martes a sábado  
de 13:30 a 17:00 horas

### CHILE

**SJM - ARIKA**  
José Miguel Carrera 1515,  
Oficina 6.

Atención de lunes a viernes de  
9:00 a 13:00 horas  
arica@sjmchile.org

**SJM - ANTOFAGASTA**  
14 de febrero 2589,  
esquina Prat

Atención de lunes a viernes de  
09:00 a 13:00 horas  
antofagasta@sjmchile.org

**SJM - SANTIAGO**  
Lord Cochrane 104 - Santiago

Atención de lunes a viernes de  
09:00 a 13:00 horas  
santiago@sjmchile.org

Pou prezante ti feyè sa a, se yon vèsyon ki realize pou espanyol, ki soti de yon ti feyè travay o brezil ki gen pou tit “ANN PALE POTIGÈ”  
El presente cuadernillo es una versión realizada para el español, a partir de un cuadernillo elaborado en Brasil titulado “ANN PALE POTIGÈ”.

Original nan potigè a te realize ak moun sa yo

El original en portugués fue elaborado por  
Rwolds Augustin  
Miriam Spezia  
Emilio Travieso SJ.

Premye a te pibliye PA Pastoral Mobilizasyon imen nan dyoséz RO Solimoes Tabatinga , Brezil. 2011

La primera edición fue publicada por la Pastoral da Mobilidade Humana da Diocese do Alto Solimões Tabatinga, Brasil. 2011

Dezyém edisyon an te pibliye PA Ministerio Travay Brezil e Entitisyon Migrasyon ak Dwa Imen. Brazilya, Brezil. 2012

La segunda edición fue publicada por el Ministério do Trabalho e Emprego do Brasil y el Instituto de Migrações e Direitos Humanos, Brasília, Brasil. 2012

Sak te disponib nan edisyon ti kaye sa a:  
Ambas ediciones disponen expresamente lo siguiente:

**Nenpòt moun oubyen enstitsyon gen dwa sèvi ak feyè sa a oubyen adapte ljan yo vle.**

**Cualquier persona o institución puede utilizar o adaptar este cuadernillo a su voluntad.**

Premye edisyon en espanyol la realize nan Chili, prepare nan Sant Inivèsite Ansyen “CUJ” nan INIVÉSITE ALBERTO HURTADO nan kolaborasyon avek Pastoral Ayisyen nan Pawas Sent Kwa nan Santiago, nan ane 2016.

La primera edición en español realizada en Chile fue preparada en el Centro Universitario Ignaciano (CUI) de la UNIVERSIDAD ALBERTO HURTADO, en colaboración con la Pastoral Haitiana de la Parroquia Santa Cruz, en Santiago. 2016.

Diseño gráfico: Ignacia Biskupovic  
Gestión y producción de publicación: María Contreras  
Fotos y Videos: Diarios de Guerra  
María Contreras & Gabriel Ortega

**cui** Amplía  
tu mirada



UNIVERSIDAD  
ALBERTO HURTADO



Servicio  
Jesuita a  
Migrantes



DIARIOS DE GUERRA  
diarios de guerra